

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Basa téh nya éta hiji sistem lambang sora nu arbitrér nu dipaké ku masarakat manusa pikeun tujuan kominikasi minangka fénoména nu ngadumaniskeun dunya ma'na jeung dunya sora anu ngabogaan tilu subsistem, diantaranya waé; subsistem fonologis, gramatikal jeung léksikal. Éta tilu subsistem téh tumali jeung aspék-aspék sémantis (Rosmana, 2003:1).

Tina éta wangenan téh écés pisan yén basa mangrupa pakakas nu dipaké ku manusa pikeun tujuan komunikasi anu konvénsi nu dihasilkeun ku manusa, sarta digunakeun pikeun kapentingan manusa éta sorangan, sakumaha ceuk Sudaryat nu nétélakeun yén :

“Basa nya éta beungkeutan sora manusa/lambang sora anu dihasilkeun ku pakakas ucapna kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) pikeun tujuan campur gaul (komunikasi) antara anggota masarakatna” (Sudaryat, 2003:9).

Dina ngalarapkeunnana, manusa bisa ngagunakeun pakakas lisan atawa tulisan pikeun népikeun maksud ngagunakeun basa. Lantaran kaunggulan manusa batan mahluk séjénna nya éta bisa ngagunakeun akalna pikeun mekarkeun pola hirup kumbuhna ku nyiptakeun mangpirang omongan tina alat ucap anu saeutik.

Sangkan henteu méngpar tina tujuan komunikasi pikeun panyaturna, manusa diperedih wanoh kana élmu basa salaku pakakasna. Demi élmu basa atawa linguistik, anu asalna tina basa Yunani *lingua* hartina ‘basa’, dina basa-basa

Roman nya éta basa anu asalna tina basa Latin, masih aya kecap-kecap anu sarupa jeung lingua Latin nya éta langue jeung langage dina basa Perancis jeung lingua dina basa Itali, basa Inggris mulung tina basa Perancis anu ayeuna jadi language. (Verhaar, 2001:3)

“Linguistik minangka ulikan ilmiah basa nu geus dumuk objékanana, boga cara maluruhna, jeung écés gunana. Dina istilah filsafat linguistik ogé puguh ontologina, épistémologi jeung aksiologina” (Sudaryat, 1994:28).

Tina sawatara adegannana linguistik, salah sahijina nya éta sémantik (tata harti). Dina élmu basa sémantik atawa tata harti sok dihartikeun sémantik téh nya éta élmu anu nalungtik harti kecap dina hiji basa, kumaha asal-usulna, kumaha parobahannana atawa mekarna jeung sabab-sabab anu nimbulkeun parobahan-parobahan téa (Prawirasumantri, 1973:5 dina Sudaryat, 2003:11). Pon kitu ogé ceuk Leech (1974:ix) nétélakeun yén ulikan harti téh mangrupa puseur ulikan dina komunikasi basa, sémantik ogé mangrupa widang élmu anu lega ambahannana lantaran eusina raket patalina jeung aspék-aspék katut gunana basa nau raket pisan jeung jiwa, pikiran, maksud sarta kahayang masarakat atawa kahirupan masarakat anu maké éta basa.

Dina enas-enasna mah basa anu aya di masarakat salaku pakakas komunikasi loba pisan rupana di unggal wewengkon, anu matak ngalantarankeun aya hiji basa anu méh sarua dina pangucapannana tapi maksud atawa harti anu béda. Demi kana éta paparan téh basa anu dimaksud nya éta dialék dina basa téa. basa di wewengkon Indramayu magrupa hiji basa dialék anu masih kénéh aya di daérah Jawa Barat, nu dina enas-enasna mah antara basa di wewengkon Indramayu jeung basa Sunda téh masih kénéh aya sasaruannana boh dina

ngucapkeunana boh dina nuliskeunana. hartina ieung nepi ka maksud anu béda. Ku kituna ieu dua basa téh bisa dipatula-patalikeun ku cara ngaliwatan babandingan kandaga kecap basana (analisis kontrastif).

Demi kana hartina kontrastif numutkeun Crystal (1985:74. dina - Rosmana 2003:6) nétélakeun vén analisis kontrastif téh nva éta métode nu medar sasaruuan ieung perbédaan sistem antara hiji basa ieung basa séjénna. Salila ieu anu jadi pasualan naha kasang tukang basa Sunda anu ava tur mekar di masarakat téh sarua ieung basa di wewengkon Indramayu anu ava tur di paké di wewengkonna. lantaran ava sawatara basa anu méh sarua hartina. naha basa di wewengkon Indramayu téh masih kénéh bagian tina basa Sunda atawa sabalikna. Panalungtikan ngeunaan babandingan basa antara basa Sunda ieung basa di wewengkon Indramayu can kungsi dilakonan. lantaran basa téh manerupa nakakas komunikasi anu arbitrér anu dungsina dikeun miara. neamumulé ieung mekarkeun kabudayaan daérah.

Sanggeus dititénan méh loba pisan basa anu sarua boh dina pangucapannana boh kana harti ieung panulisannana. Ku kituna panalungtikan ngeunaan analisis kontrastif dumasar kana babandingan kandaga kecapna antara basa Sunda ieung basa di wewengkon Indramayu nyumponan kana prosedur panalungtikan sarta baris dilaksanakeun. Dipiharep bisa maluruh ngeunaan tata harti basana. sumawonna bisa ngalengkepan panalungtikan ngeunaan kontrastif dialéktologi kandaga kecapna.

1.2. Masalah

Basa daérah nya éta salah sahiji alat komunikasi nu aya dina unggal wewengkonna séwang-séwang, nu mangrupikeun unsur kabudayaan daérah. Salaku salah sahiji unsur kabudayaan daérah, basa daérah ogé mangrupikeun bagian anu teu bisa leupas tina kabudayaan nasional, nu mibanda peran dina hal ningkatkeun martabat jeung peradaban bangsa.

Numutkeun panalungtikan di daérah Jawa Barat aya tilu basa anu di paké ku masarakat dina kahirupan sapopoéna, diantaranya waé (1) basa Sunda, (2) basa Cirebon/Indramayu jeung (3) basa Betawi/Melayu. Basa Sunda nu salaku basa indung di tatar Jawa Barat tur kiwari geus dijadikeun hiji widang studi muatan lokal wajib ti Sakola Dasar tug nepi ka SMA. Ku kituna, dina nepikeun pangajaran basa Sunda saheulaan kudu maham heula kana basa-basa nu aya di unggal wewengkonna nu mangrupa basa pangateurna.

Basa di wewengkon Indramayu salah sahiji basa dialék anu aya tur dipaké ku masarakat Indramayu, ieu basa téh kawilang raket patalina jeung basa Sunda lantaran sajeroning basa di wewengkon Indramayu loba kandaga kecap anu kapanggih nu sarua dina basa Sunda sarta nepi ka danget ieu éta dua basa téh can aya nu nalungtik dumasar kana babandingan (analisis kontrastif) kandaga kecapna, ku kituna kacida perluna ngayakeun panalungtikan anu nepi ka bisa ngadéskripsikeun korélasi kandaga kecap anu aya dina éta dua basa nu béda téh.

1.2.1. Watesan Masalah

Élmu basa mibanda sipat umum nya éta ulikannana kauger ku hiji basa, ogé mibanda sipat husus nya éta ulikannana kauger ku hiji basa. Élmu anu ngulik basa wewengkon Indramayu disebut élmu basa di wewengkon Indramayu jeung saterusna.

Dina ieu panalungtikan pikeun maluruh babandingan dua basa éta ku cara ngaanalisis kontrastif, sakumaha Kridalaksana (2001 : 13) nétélakeun yén analisis kontrastif nya éta métode sinkronis dina nganalisis basa pikeun maluruh sasaruuan jeung perbédaan antara basa-basa atawa dialék-dialék pikeun néangan prinsip-prinsip nu bisa dilarapkeun dina masalah praktis, saperti dina pangajaran basa jeung penerjemahan.

Tina pedaran di luhur, méré gambaran yén antara basa di wewengkon Indramayu jeung basa Sunda miboga korélasi anu aya patula-patalina, ku kituna ieu panalungtikan téh baris ngadéskrripsikeun ngeunaan babandingan atawa kontrastif kandaga kecap anu aya dina basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu nu dipiharep aya mangpaatna pikeun guru basa Sunda dina enggoning ngalarapkeun pangajaran basa Sunda di daérah Indramayu, nu diwincik ieu di handap :

- 1) Patali sasaruuan kandaga kecap antara basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu.
- 2) Patali babandingan harti/ma'na kandaga kecap anu aya dina basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar watesan masalah di luhur, anu jadi masalah poko dina ieu panalungtikan nya éta :

- 1) Kumaha kecap basa di wewengkon Indramayu nu dibandingkeun jeung basa Sunda?
- 2) Kecap sangaran (homonim) naon baé anu kapanggih tina babandingan kecap basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu?
- 3) Kumaha wangun kecap basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu?
- 4) Kumaha warna kecap basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu?
- 5) Kumaha korélasi antar kekecapanana?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Sakumaha anu geus diparkeun dina kasang tukang katut rumusan masalah di luhur, tujuan ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadéskripsikeun :

1. Kuantitas kontrasif kandaga kecap anu aya dina basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu dumasar sumber babandingannana.
2. Mikanyaho patalina basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu dumasar babandingannana.
3. Mikanyaho patalina wangun kecap basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu dumasar babandinganana.
4. Mikanyaho patalina warna kecap basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu dumasar babandinganana.

5. Méré gambaran janggélékna patali kandaga kecap basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngahasilkeun mangpaat pikeun;

1. pikeun pangajaran, hasil tina panalungtikan ieu bisa nambahan kajembaran kosa kata kekecapanana tur dijadikeun basa panganteur pikeun pangajaran di unggal sakola, hususna di wewengkon Indramayu
2. pikeun kabeungharan basa, hasil tina panalungtikan ieu mangrupa babandingan kecap antara basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu.
3. pikeun panyatur basa, mangrupa bahan sawala para ahli, pangajar jeung pamerhati basa, hususna basa Sunda umumna basa di wewengkon Indramayu

1.5. Dasar Tiori

Kuantitas kandaga kecap dina basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu nu disawang tina segi babandingannana anu ngagunakeun métode élmu perbandingan basa nya éta ngabandingkeun kandaga kecap nu aya dina éta dua basa dina mangsa kiwari nu ngagunakeun ulikan komparatif sinkronis.

Pikeun ngulik babandingan kecap basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu ngagunakeun tiori : *Ulikan Wacana Basa Sunda* (Sudaryat, 1995), *Linguistik Historis Komparatif* (Rosmana, 2005), *Tata Basa Sunda* (Ardiwinata, 1984), *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat, 1999), *Élmuning Basa* (Sudaryat, 2001), *Ulikan Sémantik Sunda* (Sudaryat, 2005), *Studi Linguistik Umum dan Linguistik*

Bandingan (Parera, 1987), *Prosedur Penelitian* (Arikunto, 1998), jeung *Pedoman Penulisan Karya Ilmiah* (Depdiknas UPI, 2002)

1.6. Anggapan Dasar

Anggapan dasar ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

1. Basa daérah nya éta salah sahiji alat pikeun komunikasi di unggal daérah (wewengkon), nu mangrupikeun unsur kabudayaan daérah. Kamekaran basa daérah di Jawa Barat geus aya tur dipaké ku masarakatna di unggal wewengkon dina kahirupan sapopoéna, basa daérah ieu aya anu geus diajarkeun dina lingkungan sakola aya ogé anu teu acan. Sakumaha nu di ébréhkeun dina Perda No. 5 taun 2003 ayat 1 ngeunaan "*Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daerah*" nya éta basa daérah nu aya di tataran Jawa Barat téh nya éta basa Sunda (basa lulugu), basa Cirebon, jeung basa Melayu Betawi anu hirup tur mekar di wilayah Jawa Barat.
2. Kecap homonim antara BS jeung BWI téh aya . dina BS harti kecap *atos* nya éta: (1) 'anggeus', (2) 'teuas'. Jadi, kecap *atos* téh mangrupa kecap homonim. Kitu deui, dina BWI, harti kecap *entong* nya éta: (1) 'béak' dina BS, (2) 'ulah'. Lamun dititénan, kecap-kecap BS jeung BWI aya kecap anu sarua ngaranna (unina jeung tulisanana) tapi béda hartina..
3. Patalina kecap basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu anu méh sarua hartina, ku kituna bisa dijadikeun hiji panalungtikan nu ngagunakeun analisis kontrastif nya éta komparatif sinkronis.

1.7. Wangenan Operasional

Analisis kontrastif nya éta hiji panalungtikan anu nyoba ngabandingkeun struktur dua basa pikeun mikanyaho bédana struktur éta dua basa.

Kandaga kecap, kabeungharan kecap, kajembaran kecap asalna tina basa Yunani *lexikon* hartina 'kecap' anu bisa di hartikeun;

- 1) sajumlahing kecap anu aya dina hiji basa
- 2) kecap-kecap anu geus dipikanyaho tur diparaké ku jalma atawa sababuhan jalma di hiji wewengkon
- 3) sajumlahing morfém bébas anu aya dina hiji basa
- 4) istilah; kecap-kecap anu dipaké dina élmu pangaweruh
- 5) kamus; daftar sapuratina kecap nu disusun sacara alfabétis (dumasar abjad) tina hiji basa, biasana dilengkepan ku wangenan atawa katerangan (ilikan Sudaryat , 1991:111).

Kecap Homonim atawa kecap sangaran nya éta kecap (ungkara) anu ngaranna (unina jeung tulisanana) sarua jeung kecap (ungkara) séjén tapi miboga harti anu béda.

Jadi, *Analisis Kontrastif Kandaga Kecap Basa Sunda jeung Basa di Wewengkon Indramayu* téh maksudna nya éta panalungtikan anu dilakukeun pikeun mikanyaho bédana harti kecap-kecap anu sarua ngaranna (unina jeung tulisanana) jeung papasinganana di antara BS jeung BWI.

Ku kituna kandaga kecap dina éta dua basa téh baris dijadikeun panalungtikan ngeunaan kontrastif dumasar kana kandaga kecapna. Ieu panalungtikan téh baris ngagunakeun instrumén studi dokumén, nya éta sakumna

patali sasaruuan kecap antar basana {PSK} jeung sakumna babandingan harti antar basana {BHK}.

1.8. Sistimatika Skripsi

Sistimatika pedaran ieu skripsi téh nya éta ngawengku lima bab. Bab hiji medar ngeunaan bubuka anu ngawengku: (1) kasang tukang masalah, (2) masalah, (3) tujuan panalungtikan, (4) mangpaat panalungtikan, (5) rangkay tiori, (6) anggapan dasar, (7) wangenan operasional jeung (8) sistimatika skripsi.

Bab dua medar ngeunaan tatapakan tiori pikeun analisis, anu ngawengku: (1) basa lulugu jeung basa wewengkon, (2) analisis kontrastif, (3) kontak basa jeung kadwibasaan, (4) babandingan kecap basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu, (5) éjahan basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu, (6) struktur léksikal homonim, jeung (7) kecap homonim antara basa Sunda jeung basa di wewengkon Indramayu.

Bab tilu medar ngeunaan metodologi panalungtikan, anu ngawengku: (1) metode panalungtikan, (2) sumber data, (3) téhnik ngumpulkeun data, (4) téhnik ngolah data jeung (5) conto analisis data.

Bab opat medar hasil analisis data, anu ngawengku: (1) analisis babandingan warna kecap homonim BS - BWI, (2) analisis babandingan wangun kecap homonim BS – BWI, (3) analisis kecap homonim BS – BWI patali harti antar kekecapanana, jeung (4) analisis kecap homonim BS – BWI patali korélasi ma'na kecapna.

Bab lima medar ngeunaan kacindekan jeung saran.

